

dimanch lan kòm jou repo a rezon, kòmanse pibliye kalandriye ki gen lendi tankou premye jou epi dimanch tankou setyèm jou nan semèn nan. Sa tou nèf.

### Kilès ki chanje Saba Samdi a an Dimanch ?

1. Nan mwa Mas lane 321 apre Jezi te fin fêt. Gran Konstanten, lanperè women an pibliye yon premye dekrè pou obsèvè premye jou semèn nan kòm jou repo nan plas Saba setyèm Jou a.
2. Sou plan relije, lidè katolik yo pibliye : « Nou obsèvè Dimanch paske Legliz katolik transfere solanite Samdi a Dimanch » – Peter Gelermann, The Convert's Catechism of Catholic doctrine (1957 edition), paj 50.

**Ki twa enstisyon Bondye te met sou pye lè Kreyasyon an, lòm vle detri, chanje/modifye ak degrade ?**

1. EKOLOJI A – Lòm, ki vle vin rich, granmesi endistri, patisipe nan detri bèl nati Bondye te ba nou lè Kreyasyon an. Konsekans : Madichon pou moun k ap detri tè a – Revelasyon 11.18 !
2. FANMI ANSANM AK RELASYON MOUN AK MOUN – 26 jen 2015, Kou Siprèm Etazini ak palman plizyè lòt nasyon chanje sennte maryaj ak fanmi an lè yo vin fè maryaj moun menm sèks la yo legal, sa ki kontrè ak enstriksyon Bondye Kreyatè a – Jenèz 1.28 ; 2.24.
3. SABA-JOU ADORASYON AN – Chèf relije katolik ak pwotestan yo chanje Saba Bondye a, setyèm jou a, an premye jou semèn nan. Men, fòk nou note gen nan mond lan plizyè legliz Batis, Pannkotis ak Evanjelik-lib ki obsèvè fidèlman saba setyèm jou a jan Bib la anseye sa.

### Ki byenfè ki makònèn ak obsèvasyon Saba a ?

Nan obsèvè saba a chak semèn, kretyen an :

1. Deklare Bondye LA ANVAN TOUT BAGAY. Bondye merite resevwa adorasyon.
2. Aksepte LI SE POU Bondye. Li kreye m e m se pou li.
3. Fè konnen yon lòt fwa li DEPANN de Bondye. Anyen pa enposib pou li. Si Bondye kreye tout bagay san anyen, menmsi m ta pèdi tout bagay, li gen pouvwa pou l reban m yo. Alelouya! Amèn !
4. Voye jete lide MWEN SIFI POU TÈT MWEN lòm kounye a genyen, lè l pratike repo fizik ak mantal jan Saba Bondye a mande sa.
5. Fè prèv OBEYISANS nan sanntifye Saba a jan l jwenn lòd la nan katriyèm kòmandman an.
6. Pratike yon POZ volontè sou bagay li abitye fè pou l bay aktivite ki karakterize Saba a jarèt.
7. Kreye yon ANBYANS remèsiman ak rekonesans nan lavi l. Tout sa m ye ak tout sa m genyen se kreyatè a ki ban mwen yo, e mwen adore l lè m pote ak kè kontan yon pati nan byen m yo.

Nan fen prezantasyon sa, nou ta renmen ou reponn invitasyon sa saj Salomon fè: "Gen krentif pou Bondye epi obsèvè Kòmandman l yo. Se devwa tout moun. Paske Bondye ap jiye tout sa nou fè kit se byen kit se mal. (Eklezyas 12: 15, 16)



Pastè Pierre-Eddy Laguerre

## Yon lòt mesaj avètisman Bondye pou tout PLANÈT la

Vrè Jou pou moun Adore Papa Bondye ki nan syèl la.



*Ki twa enstisyon Bondye te met sou pye lè kreyasyon an, lòm vle detri, chanje ak degrade?*

**Li mesaj sa a, chwazi sa ki pi bon an depi lè w ap viv kounyeya pou ka genyen lavi ki p ap janm fini an.**



Mesaj sa se yon koutwazi **Mouvement Evangélique des Ouvriers de la Dernière Heure (MEODH)**

Sit Entènèt: [www.meodh.org](http://www.meodh.org); [www.laicenmarche.org](http://www.laicenmarche.org)

nan tèt kole avèk

**Federasyon Santral Advantis Setyèm Jou yo an Ayiti (FEDCHAS)**

Imèl: [laicenmarche@gmail.com](mailto:laicenmarche@gmail.com)

Telefòn: (631) 949-6964; (203) 247-0596; (703) 244-8480

# Sakrifis Jezi sou kwa a eske li chanje jou Adorasyon an?



Sa sifi ! Jouk kilè kesyon Saba ap sispann yon koze k ap mete kretyen toupatou nan mond lan nan kont, epi divize yo ?

Èske Jezi te aboli Saba a toutbon sou lakwa ?

## Orijin Saba a

Nou jwenn lide Saba setyèm jou a pou premye fwa nan Jenèz 2.1-3. « Se konsa syèl yo ak tè a te fini fêt, ak tout sa yo gen nan yo. Bondye fin fè travay li setyèm jou a, travay li te fè a : epi l repoze setyèm jou a apre tout travay li, travay li te fè a. Bondye beni setyèm jou a, li sanntifye l, paske nan jou sa li repoze l apre tout sa l te kreye lè l fè yo a. »

An n klè ak tèt nou. Nan pasaj sa, nou pa wè aklè okenn obligasyon pou lòm obsèvè Saba setyèm jou a. Pasaj sa fè n konnen se sèl Bondye ki repoze setyèm jou a. Vèsè sa yo aprann nou tou Bondye fè de bagay jou sa : Li beni setyèm jou a epi l sanntifye l. Sanntifye vle di met apa pou yon sèvis sen. Bay yon moun osnon yon bagay priyorite. Se yon bagay ki pa òdinè.

## Kilès ki kreye Saba a ? E pou kilès li te fêt ?

Se youn nan kesyon biblik ki pi fasil pou reponn. Se Jezi ki gide n nan repons sa. Saba a te fêt pou moun, se pa t moun ki te fêt pou Saba , e l ajoute, se Li menm, Ptit Bondye ki vini nan lachè a, ki se Mèt Saba a – Mak 2.27, 28. Lòd pou lòm obsèvè Saba a nou pa rive idantifye nan tèks Jenèz la Jezi bay li. Kolosyen 1.15, 16, raple n : « Se Kris ki te fè tout bagay e yo te fêt pou Kris ». Depi nan Kreyasyon an, Saba a te fêt pou moun e se Kris la ki Mèt Saba a.

## Ki responsablite lòm devan Saba a ?

Se ankò yon lòt repons senp, klè, ki nan Bib la. Egzòd 20.8-11 deklare : « W a sonje Saba a pou w sanntifye l. Pandan sis jou w a va travay e w a fè tout travay ou nèt ; men setyèm jou a se Saba pou Yave Bondye w la. Ou p ap fè okenn travay, ou menm, ni pitit ou, ni sèvitè w, ni sèvant ou, ni bêt ou, ni etranje ki lakay ou. Paske nan sis jou Yave fè syèl la, tè a, lanmè a ak tout sa yo gen ladan yo, men, li repoze setyèm jou a, se poutèt sa Yave beni jou Saba a epi l konsakre l. »

**Konklizyon :** Lòm dwe sonje Saba a pou l sanntifye l – trete l yon lòt fason – e kom pou sonje semèn kreyasyon an li dwe adore Bondye nan jou sa tankou Revelasyon 14.7 anseye sa : « Adore sila ki fè syèl la, ak tè a, ak lanmè a, ak sous dlo yo ». Soti Jenèz pou rive nan Revelasyon, non Bondye parèt byen klè kom kreyatè e se Saba a ki raple n adore Dye kreyatè a chak semèn.

**Nòt espesyal :** Saba se pou Bondye, se pou Bondye sèlman. Saba a pa pou Advantis, li pa pou Jwif, li pa pou Batis Setyèm Jou, li pa pou Pannkotis Setyèm Jou... paske okenn nan gwooup sa yo pa t egziste anvan sa. Di Saba te fêt pou Jwif se youn nan manti y ap pataje nan Krisyanis lan. Remake, Saba a te la anvan peche a te antre nan mond lan. Kidonk, Saba a pa

fè pati fèt seremonyèl Ansyen Testaman an, ki te anonse vini Mesi a. Fèt sa yo rive nan bout yo apre lanmò ak rezireksyon Jezi, ki se ti mouton san defo ak san tach la. Tankou senbòl lanmò l ak imilite l, Kris te vini ak « Sent Sèn » e kom senbòl rezireksyon l lan, li ba nou batèm plonje nan dlo a – Women 6.4.

KIDONK, KWA JEZI A SE SENBÒL REDANMSYON NOU AN (BONDYE REDANMTÈ A). LESPRI SEN AN MAKONNEN AK REJENERASYON NOU (SE BONDYE KONSOLATÈ A). SABA A FÈ YOUN SÈLMAN AK KREYASYON AN (BONDYE KREYATÈ A). Aksyon kreyasyon Bondye a nan kè plan redanmsyon an. DI SABA A ABOLI, SE KÖMSI SE NANNAN TRINITE A W TE ATAKE – SE RETIRE DWA BONDYE POU L JWENN ADORASYON NOU – SE PRAN PLAS MOUN K AP MODIFYE LWA BONDYE SAN OTORIZASYON.

**Obsèvasyon enpòtan : Ki danje ki genyen si n pa obsèvè Saba a ?** Jezi deklare pi GRAN KÖMANDMAN an se renmen Bondye ak tout kè w, tout nam ou ak tout panse, epi renmen pwochen w tankou w renmen tèt ou, Matye 22.37-39. Si Bondye egzije yon lanmou annantye kom prèv fidelite nou, nou dwe mande tèt nou : Kijan n ka viv lanmou sa ? Kijan n ka pwouwe l ?

Lwanj pou Bondye, Jezi reponn nou : Si nou renmen m, obsèvè kommandman m yo – Jan 14.15, e annapre l ajoute : Si n obsèvè kommandman m yo nan rete nan lanmou m, menm jan m obsèvè kommandman Papa m yo e m ret nan lanmou l – Jan 15.10. Apot Jan, sou enspirasyon Lespri Sen an, ekri : Lanmou Bondye se obsèvè kommandman l yo, e kommandman l yo pa rèd – 1 Jan 3.5. Yo p ap rèd paske n ap ka fè « tout bagay granmesi Sila k ap ba n fòs la » – Filipyen 4.13. Yo p ap rèd paske Lespri Sen an va fè n wè peche a, konnen Jistis la ak ijiman k ap mennen nou nan verite san fay la – Jan 16.8-12. Repete Jezi vin aboli kommandman l yo se bay manti kont Kris la menm. Se fè pwomosyon yon doktrin manti.

Jezi pa t aboli Saba a. Li p ap jamm fè l. Lè Jezi te deklare li vini se pa pou l aboli lwa a, men, pou l akonpli l (Matye 5.17), li pa t ap di lwa l yo kont idolatri (1ye kommandman), kont adorasyon imaj ak estati (2zyèm nan) ak sa k entèdi pran non Bondye pou granmesi a (3zyèm nan), te aboli. Lè l t ap mouri sou kwa a, Jezi pa t aboli kommandman konsènan lonè nou dwe bay paran [nou] yo (5yèm kommandman an), ni lwa kont touye moun nan (6zyèm nan), ni lwa kont adiltè a (7tyèm nan), ni lwa kont vòlò zafè moun nan (8tyèm nan), ni lwa bay manti kont moun nan (9vyèm nan), ni lwa kont gwo lide sou zafè moun nan (10zyèm nan). Se nan gwoup lwa sa yo rele 10 kommandman an lwa konsènan obsèvasyon Saba a ki se 4riyèm kommandman an chita. Jezi pa t ap vin sou latè pou eliminate 4riyèm kommandman an epi kite lòt yo san l pa touche yo. Okontrè, Jezi menm te gen abitid al nan sinagòg la chak Saba (Lik 4.14-16). Disip Kris yo, yo menm tou, te kenbe abitid obsèvè Saba Letènèl la – Li liv Travay 16.13 ; 17.2 ; 18.4, 11.

## Kidonk, ki vrè jou Saba a ?

Bib la rele jou rezireksyon Jezi a : Premye jou semèn nan. Li tout tèks sa yo : Matye 28.1 ; Mak 16.1, 2 ; 16.9 ; Lik 24.1 ; Jan 20.1. Note tou kijan vèsè Lik 23.34 la rele vandredi yo te klosure Jezi sou kwa a : Jou preparasyon Saba a. Dapre Bib la dimanch se premye jou nan semèn nan e samdi se setyèm nan. Pa gen lontan, kèk kongregasyon reliye, pou yo kapab bay obsèvasyon